


Depatman Aksidan Travay
(Department of Industrial
Accidents, DIA) sipèvize sistèm
Konpansasyon pou Aksidan nan
Travay eta Massachusetts. N ap
travay nan objektif pou aisre n sila
yo ki enplike yo jwenn resous yo
bezwen pou yo patisipe pandan n
ap ede anplwaye blese yo, travay
yo, asirans, avoka ak doktè yo swiv
lwa ak règleman sou konpansasyon
pou aksidan nan travay eta
Massachusetts yo.



mass.gov/department-of-industrial-accidents-guides-and-brochures

Lè anplwaye yo eskane kòd qr la, yo
prale dirèkteman sou sit entènèt dia a
pou yo ka jwenn byen rapid
enfòmasyon detaye sou pwosesis
konpansasyon pou aksidan nan
travay epi sou DIA. Si yo bezwen lòt
enfòmasyon, yo kapab kontakte
depatman enfòmasyon piblik nou an
nan **(617) 727-4900** oswa nan imèl
sou info2@mass.gov.



Biwo Prensipal

Lafayette City Center
2 Avenue De Lafayette
Boston, MA 02111
(617) 727-4900 oswa **(800) 323-3249**
Imèl: info2@mass.gov

Biwo Rejyonal

1 Father Devalles Boulevard, 3rd Floor
Fall River, MA 02723
(508) 676-3406

354 Merrimack Street,
Building 1, Suite 230
Lawrence, MA 01843
(978) 683-6420

436 Dwight Street, Room 105
Springfield, MA 01103
(413) 784-1133


340 Main Street, Suite 310
Worcester, MA 01608
(508) 753-2072



MASSACHUSETTS DIVISION OF
APPRENTICE STANDARDS

Blese nan travay?

Ou kapab kalifye pou resevwa avantaj pou aksidan nan trava



Kesyon Moun Poze Souvan

Kiyès ki kalifye pou resevwa Konpansasyon pou Aksidan nan Travay?

Prèske tout anplwaye yo jwenn pwoteksyon asirans pou aksidan nan travay – kèlkeswa travay ou, orè travay ou, kondisyon travay ou, kondisyon imigrasyon w oswa fason yo peye w. Pwopriyete endividyèl yo ap sèlman jwenn pwoteksyon asirans si yo achte pwòp asirans yo.

Ki avantaj Asirans pou Aksidan nan Travay la kouvri?

- Fakti ak preskripsyon medikal
- Salè ki pèdi si ou pa kapab travay pandan senk jou oswa plis akòz blese oswa maladi ki gen rapò ak travay la.
- Ranbousman pou trajè ale epi soti nan randevou kay doktè yo.

Kisa m ta dwe fè si mwen blese nan travay?

Di patwon w sa touswit si ou blese oswa ou malad akòz travay ou. Si ou bezwen tretman medikal, di dokè a ak ekip medikal la se nan travay la ou blese epi bay yo enfòmasyon sou asirans pou aksidan travay ou a.

Kijan m ap fè konnen si travay mwen an gen pwoteksyon asirans?

Ou kapab verifye si wi ou non travay ou a gen asirans sou [mass.gov/dia](https://www.mass.gov/dia). Klike sou onglè “Verify Asirans pou Aksidan nan Travay”. Travay ou a gen obligasyon pou l poste ak/oswa distribye bay tout anplwaye yo non konpayi asirans pou aksidan nan travay la. Travay ou a dwe fè konpayi asirans pou aksidan an konnen blese oswa maladi w la ki gen rapò ak travay la.

E si travay mwen an pa fè konpayi asirans lan konnen?

Si travay ou a pa fè konpayi asirans lan konnen blese w la apre 30 jou, oswa si ou pa resevwa yon nimewo reklamasyon, ou kapab depoze *Fòmilè 110/Demann Anplwaye* a bay DIA.

E si konpayi asirans lan refize demann mwen an?

konpayi asirans ou an refize demann ou an, ou pral resevwa yon avi nan adrès postal ou. Ou kapab konteste desizyon konpayi asirans lan lè w depoze yon *Fòmilè 110/Demann Anplwaye* bay DIA. Ale sou [mass.gov/dia](https://www.mass.gov/dia), epi ranpli *Fòmilè 110* la epi voye li bay DIA avèk tout dokiman medikal ou genyen kòm prèv yo. Ou dwe voye yon kopi bay konpayi asirans pou aksidan travay ou a.

Èske mwen bezwen yon avoka?

Si yo konteste demann ou an, li vrèman enpòtan pou w chèche konsèy jiridik pou pwoteje dwa w ak enterè w yo.

E si travay mwen an pa fè asirans lan konnen?

Si travay ou a pa rive fè asirans lan konnen blese w la apre 30 jou, oswa si ou pa resevwa yon nimewo demann, ou kapab depoze yon demann anplwaye bay DIA.

Kisa pou m fè si mwen blese nan travay?

Di patwon w sa touswit si ou blese oswa ou malad akòz travay ou.

Ki kote pou m rapòte blese m n an?

Fè doktè w la ak ekip sant medikal ou a konnen pwoblèm sante w la gen rapò ak travay ou epi bay yo tout enfòmasyon sou asirans lan.

Kilè m ap jwenn avantaj yo?

Ou ta dwe kòmanse resevwa yon chèk apre twa a kat semèn apre blese oswa maladi w la.



Èske mwen bezwen yon avoka?

Si yo refize demann ou an, li vrèman enpòtan pou chèche yon avoka ki gen eksperyans nan trete dosye aksidan nan travay pou pwoteje dwa w ak enterè w yo. Nan pifò ka, yo konn peye avoka yo si yo reyisi ede w jwenn avantaj ou yo. Rele **(866) 627-7577** pou yo ede w jwenn yon avoka. DIA pa kapab ede w chwazi yon avoka.

Kilè m ap jwenn avantaj yo?

Nan pifò ka, ou ta dwe kòmanse resevwa yon chèk nan men konpayi asirans pou aksidan an apre twa a kat semèn apre dat ou te rapòte blese oswa maladi w la.

Gen plis resous ak enfòmasyon detaye ki disponib sou sit entènèt DIA a ansanm ak Gid Konpansasyon pou Anplwaye ki fè Aksidan nan Travay.

Konnen dwa w yo

DIA ap travay pou asire li dwa ou genyen nan kad aksidan nan travay respektè. Si nenpòt nan sitiyasyon annapre yo rive ou, kontakte Biwo Ankèt DIA a nan **(877) 627-7233**. Yo pap revele non okenn moun ki rapòte yon sitiyasyon.

- Travay la pa genyen asirans pou aksidan nan travay pou anplwaye li yo.
- Travay la refize ba ou enfòmasyon sou asirans pou aksidan nan travay la.
- Travay la mal aji avè w paske w te rapòte yon blese nan travay la oswa paske w depoze yon demann pou avantaj.
- Travay la dekouraje w depoze yon demann apre yon blese oswa maladi ki rive nan travay la.

Lwa Massachusetts kont yon travay ki revoke w paske w depoe yon demann pou aksidan nan travay: li kapab yon vyolasyon lwa OSHA sou denonsyasyon.

Pou rapòte fwod oswa vanjans, rele Liy Enfòmasyon kont Fwod Depatman Aksidan Travay Massachusetts nan 1-877-MASSAFE (1-877-627-7233) oswa ale sou [mass.gov/dia](https://www.mass.gov/dia).

Lwa pou Travayè Endepandan yo konplèks. Si ou santi yon travay pa mete w nan kategori apwopriye a, chèche konsèy yon avoka.

Revised July 2024